

LEKÒL PIBLIK BOSTON



BIWO SIPÈRENTANDAN AN

MEMORANDÒM

POU : Prezidan ak Manm Kominote Lekòl Boston

MOUN Ki VOYE LI : Mary Skipper
Sipèrentandan

MATYÈ : Sibvansyon pou Apwobasyon

DAT : 17 jiyè 2024

Nan dokiman sa a, w ap jwenn sibvansyon ke yo pral soumèt pou Komite Lekòl la apwouve yo nan dat 17 jiyè 2024 la. Si w ta vle revize sa an detay, yo te depoze pwopozisyon sibvansyon konplè yo nan Biwo Sekretè a pou Komite Lekòl la.

Mèsi pou kowoperasyon ou. Si w gen nenpòt kesyon, manm pèsone yo la disponib pou reponn ou.



BIWO CHÈF FINANS LAN

MEMORANDÒM

POU : Mary Skipper
Sipèrentandan

MOUN Ki VOYE LI : Anu Jayanth

MATYÈ : Sibvansyon pou Apwobasyon

DAT : 17 jiyè 2024

Nan dokiman sa a, w ap jwenn sibvansyon Komite Lekòl la dwe apwouve yo. W ap jwenn kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou w kapab revize yo epi y ap depoze nan Biwo Sekretè a pou Komite Lekòl la.

Siyati :

SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA APWOUVE YO
17 jiyè 2024

Montan	Ane Fiskal	Non Sibvansyon	Estati	Direktè Finansman	Domèn Konsantrasyon (yo)	Sit yo
10 000,00 \$	Ane Fiskal 2024 la	Konstwi yon Kominote atravè Film	Nouvo	Cesar Ortega	Anrichisman Elèv	The Mildred Ave K-8 school
1 124 550 \$	Ane Fiskal 2025	Edikasyon pou Adilt nan BPS Alfabetizasyon Familyal	Kontinyite	Kristen D'Avolio	Aprenan Lang Anglè yo	Nan Tout Distri a
191 344 \$	Ane Fiskal 2025	MassStep	Kontinyite	Kristen D'Avolio	Edikasyon Adilt	Depatman Edikasyon/Boston Central Adult High School
1 325 894,00 \$	TOTAL					

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA

Non Sibvansyon: Konstwi yon Kominote atravè Film

Objektif: Mildred Ave K-8 school ap chèche antame yon nouvo patenarya avèk yon òganizasyon ki rele FC Academy nan objektif pou founi yon klèb sinema apre lekòl kote elèv yo gen okazyon

pou yo konstwi kominote a epi pou yo reyalize pwòp film kout pa yo kote yo ka prezante yo nan festival film ke Filmmakers Collaborative òganize chak ane a. Elèv yo pral rankontre avèk manm pèsònèl FC Academy yo de (2) fwa pa semèn pandan 30 semèn epi y ap gen aksè ak materyèl anrejistreman pwofesyonèl yo ansanm ak lojisyèl montaj ke konpayi a pral founi yo. FC Academy gen anpil eksperyans avèk elèv ki nan lekòl matènèl yo ansanm ak yon piblik sib menm jan an nan enfòmasyon demografik lekòl nou an epi li te pwopoze avèk jenewozite pou l sibvansyone yon gwo pati nan depans reyèl pwogram lan nan objektif pou travay avèk kominote nou an. Pwogram lan pral kolabore tou avèk pwofesè teyat nou an, Madam Villa, ansanm ak pwofesè mizik nou an Mesye Leland, sou pwojè yo pou elèv yo kapab vin gen okazyon pou yo travay sou materyèl yo a pandan jounen lekòl la ak apre lekòl. Men yon lyen pou antre sou chanèl youtube yo a (https://www.youtube.com/channel/UC0ZvtliPT_TZWlv0Ju3jHQw) kote w kapab wè kèk nan travay yo te fè avan yo avèk elèv yo toupatou nan eta Massachusetts.

Dat sibvansyon an kòmanse : 24 avril 2024

Dat sibvansyon an fini : 24 jen 2024

Estat : Akòde

Tip Sibvansyon : Sibvansyon Konsòsyòm Boston University

Direktè Sibvansyon : Cesar Ortega

Imèl : cortega@bostonpublicschools.org

Telefòn :

Sous Finansman : Konsòsyòm Boston University

Kontak Moun/Enstitisyon K Ap Bay Sibvansyon an : Aaron Brkoniacki

Kontak Moun/Enstitisyon K Ap Bay Sibvansyon an : Pa Aplikab

Telefòn :

Imèl : brak@bu.edu

Montan Anyèl Pri a : 10 000\$

Opsyon pou Repò a : Pa Aplikab

Kantite Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki jwenn sèvis :

Sit yo : Mildred Ave. Lekòl Presegondè

Patnè Ekstèn Esansyèl yo (si genyen) :

Deskripsyon Sibvansyon

Mildred Ave K-8 school ap chèche antame yon nouvo patenarya avèk yon òganizasyon ki rele

FC Academy nan objektif pou founi yon klèb sinema apre lekòl kote elèv yo gen okazyon pou yo konstwi kominote a epi pou yo reyalize pwòp film kout pa yo kote yo ka prezante yo nan festival film ke Filmmakers Collaborative òganize chak ane a. Elèv yo pral rankontre avèk manm pèsonèl FC Academy yo de (2) fwa pa semèn pandan 30 semèn epi y ap gen aksè ak materyèl anrejistreman pwofesyonèl yo ansanm ak lojisyèl montaj ke konpayi a pral founi yo. FC Academy gen anpil eksperyans avèk elèv ki nan lekòl matènèl yo ansanm ak yon piblik sib menm jan an nan enfòmasyon demografik lekòl nou an epi li te pwopoze avèk jenewozite pou l sibvansyone yon gwo pati nan depans reyèl pwogram lan nan objektif pou travay avèk kominote nou an. Pwogram lan pral kolabore tou avèk pwofesè teyat nou an, Madam Villa, ansanm ak pwofesè mizik nou an Mesye Leland, sou pwojè yo pou elèv yo kapab vin gen okazyon pou yo travay sou materyèl yo a pandan jounen lekòl la ak apre lekòl. Men yon lyen pou antre sou chanèl youtube yo a (https://www.youtube.com/channel/UC0ZvtliPT_TZWlv0Ju3jHQw) kote w kapab wè kèk nan travay yo te fè avan yo avèk elèv yo toupatou nan eta Massachusetts.

Rezilta Nou Swete yo/Priority (gade anba a)

Ansanm Objektif Pwojè a

Nou gen gwo atant konsènan nouvo patenarya sa epi nou gentan konsilte direktè òganizasyon an sou objektif nou yo pwochen ane lekòl la.

Objektif 1. Ogmante santiman apatenans elèv ki nan lekòl matènèl yo nan Mildred Ave. Jan sa parèt nan kapti ekran ki nan dokiman sa a (belonging-results-overtime--
https://drive.google.com/file/d/13n68g0Cs-c3aB3jLoYbs9aTiqDvVsbpX/view?usp=drive_link,
wholeschool-belonging-comps--
https://drive.google.com/file/d/1Ya0sL0xfEXaHilFeyhQMCovl3zfAEI3h/view?usp=drive_link,
and
belonging-questions-- https://drive.google.com/file/d/1R59Pd5sGMQMcoB83HvYem_-GhwxTPITQ/view?usp=drive_link) selon sondaj sou klima pandan ivè a, se sèlman 43% nan elèv nou yo ki nan klas 6yèm-8yèm ane ki te bay repons pozitif pou kesyon ki gen pou wè ak apatenans elèv yo. Malgre se senk pwen pousantaj anplis de mwayèn distri a, nou konnen nou kapab fè mye! Nou rete kwè ke si aspè sa nan kilti lekòl nou an te rive amelyore, sa t ap gen yon enpak pozitif sou santiman apatenans lan ansanm ak prezans elèv yo ak angajman yo nan salklas la.

Objektif 2. Founi espas pou pwogram etid anplis pou elèv ki nan lekòl matènèl yo ki enterese nan domèn atizanal yo pou yo kapab devlope kapasite atizanal yo ak pou yo konstwi kominote a. Antanke yon lekòl, nou gen kèk opsyon pwogram apre lekòl pou elèv ki nan lekòl matènèl ki enterese ak domèn espò yo tankou lakwòs ak baskètbòl, men opòtinite pou elèv ki enterese ak domèn atizanal yo vrèman pa anpil. Pandan nou t ap chèche òganizasyon pou n petèt kolabore avèk yo, nou te vin tonbe FC Academy epi nou te reyalize ke film, antanke yon fòm atizanal, inik nan kapasite li pou l reyini yon pakèt fòm atizanal diferan pwiske yon bon film entegre domèn mizik, art vizyèl (e petèt konsepsyon grafik), redaksyon, pwofesyon aktè, konpozisyon. Epitou, avèk pil elèv sa yo k ap itilize rezo sosyal yo, gen anpil elèv ki enterese ak montaj videyo. Nou espere ke klèb film sa pral yon espas ki rasanble divès kalite domèn atistik kote tout elèv ki enterese ak domèn atizanal yo kapab jwenn yon espas ki apwopriye pou yo.

Objektif 3. Ogmante sous sipò akademik yo pou elèv ki nan lekòl matènèl yo, sitou antèm de devlopman alfabetizasyon. Antanke yon lekòl, nou, sou plan pedagogik, mete aksan sou devlopman alfabetizasyon ekitab :
<https://sites.google.com/bostonpublicschools.org/ogequityandclsptoolkit/equitable-literacy->

instruction). Nan done evalyasyon lekti MAP ki pi resan nou an (https://drive.google.com/file/d/1STjlbhTtIH3tiwMXMOxIMldIMCslytcp/view?usp=drive_link) nou te remake ke se pa tout elv k ap devlope konpetans yo nan yon ritm ke nou ta renmen. Sa sitou enkyetan pou elèv ki “nan zòn wouj la” paske done sa yo sitou endike nou ke elèv sa yo pa sèlman gen plizyè nivo klas an reta nan devlopman alfabetizasyon yo men yo p ap fè pwogrè rapid aktyèlman ki nesèsè pou yo kapab ratrape kamarad nasyonal yo avan lekòl segondè.

Tanpri, presize kòman sibvansyon sa aliye avèk domèn konsantrasyon distri a (Tanpri, chwazi ki Priyorite/ Ansanm Priyorite distri a ke sibvansyon sa aliye avèk li epi bay yon brèf deskripsyon ki pa gen plis pase de (2) fraz Seksyon sa dwe ranpli nèt) :

- Priyore epi Akselere Rannman Akademik X
- Ranfòse Aksè ak Aprantisaj Sosyo-emosyonèl X
- Rasyonilize Operasyon yo epi Asire Sekirite Elèv yo
- Elabore Divès Pratik pou Angajman Familyal ak Kominotè
- Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Manm Pèsonèl yo
- Ogmante responsablite ni Biwo Santral la ni Lekòl nou yo

Pwojè a pral ankouraje ekite, divèsite ak enklizyon jis pandan yo founi yo pou tout elèv nou yo ki nan klas 6yèm-8yèm ane yo. Pwojè a pral pèmèt nou ranfòse kominote a ak kreye yon santiman apatenans pou elèv yo, sa k ap ranfòse aprantisaj sosyo-emosyonèl la. Ekip la prevwa pou amelyorasyon sa tou nan kilti lekòl matènèl la fè enpak pozitif sou devlopman alfabetizasyon elèv yo pa rapò ak kalite pwojè ke elèv yo pral travay sou yo tout pandan ane lekòl la. pandan y ap travay nòmalman avèk elèv yo sou konpetans kreyatif yo tankou “refleksyon kolaboratif, konsèp ki lye ak senaryo, metriz ak naratif, Redaksyon senaryo, jesyon tan” ansanm ak konpetans teknik tankou “tounaj, ekleraj, anrejistremen odyo, konsepsyon son ak Miksaj, montaj alèd de lojisyèl pwofesyonèl.”

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA - BPS25103

Non Sibvansyon : Alfabetizasyon Familyal pou Edikasyon pou Adilt nan BPS (BPS25103, FC345)

Objektif : Founi kou lekòl segondè ak kou lang Anglè pou adilt yo nan Boston.

Dat sibvansyon an kòmanse : 1ye jiyè 2024

Dat sibvansyon an fini : 30 jen 2025

Estat: Kontinyite

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Direktè Sibvansyon: Kristen D'Avolio, Direktris Prensipal, Depatman Edikasyon pou Adilt

Imèl: kdavolio@bostonpublicschools.org

Telefòn: 617-635-9300

Sous Finansman: Eta -CALC 345

Kontak Moun/ Enstitisyon K Ap Bay Sibvansyon an: Melissa Viscovich

Moun/Enstitisyon K Ap Bay Sibvansyon an: 781-338-3816

Imèl Moun/Enstitisyon K Ap Bay Sibvansyon an: Melissa.b.Viscovich@mass.gov

Montan Anyèl Pri a: 1 124 550 \$

Montan Total Prim lan (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane):

Opsyon pou Repò a: Non

Apwoksimasyon sou Kantite Elèv: 140 Elèv Adilt ki nan Lekòl Segondè, 115 Elèv ESOL ki Adilt

Sit yo: Depatman Edikasyon/Boston Central Adult High School

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Tech Goes Home, Inisyativ pou Alfabetizasyon Adilt, Masshire

Deskripsyon Sibvansyon an: Sibvansyon sa pèmèt nou founi edikasyon debaz pou adilt, kou lekòl segondè ak kou ESOL pou sitwayen ki adilt yo nan objektif pou sipòte devlopman akademik, ekonomik, ak devlopman sivik yo. Yo founi kou yo an pèsòn, sou entènèt la, ak lajounen ak lannwit.

Rezilta ki swete yo: Rezilta swete sibvansyon sa gen ladan yo: 1) ogmante aksè ansèyman lang pou paran ki gen elèv nan BPS yo ansanm ak kominote Greater Boston nan an jeneral pou n diminye kantite sitwayen ki sou lis datant pou kou lang Anglè yo; 2) founi aksè ak kou ki pral pèmèt adilt yo rive dekwoche yon diplòm lekòl segondè kote yo pot ko gen yon diplòm lekòl segondè 3) founi paran yo ki gen timoun nan BPS yo kapital sosyal pou yo kapab oryante yo nan òganizasyon edikatif ak kominotè yo pou yo kapab pi byen sipòte tèt yo ansanm ak timoun yo, epi 4) fè kou alfabetizasyon nimerik ki pèmèt yo pi byen angaje avèk fanmi yo, kominote yo, ansanm ak anplwayè yo.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, epi ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Pandan Ane Fiskal 2025 lan, Edikasyon pou Adilt nan BPS la pral satisfè oswa depase objektif MSG a (58%) pou elèv ESOL yo ke DESE etabli yo e ke yo mezire atravè

BestPLUS ak TABE Class-E.
2024/2025 lan.

Endikatè : Nòt avan tèl ak apre tèl pandan Ane Fiskal

Objektif #2 : Pandan Ane Fiskal 2025 lan, Edikasyon pou Adilt la pral satisfè oswa depase objektif MSG a (40%) pou elèv ABE/ASE yo ke DESE etabli yo e ke yo mezire atravè MAPT.

Endikatè : Nòt avan tèl ak apre tèl pandan Ane Fiskal 2023/2024 la.

Objektif #3 : Pandan Ane Fiskal 2025 lan, n ap rete a 90% oswa plis nan pousantaj enskripsyon nou sible tout pandan ane a. Endikatè : Done enskripsyon yo nan LACES

Se DESE ACLS ki fikse objektif reyisit ak enskripsyon sa yo sou baz done federal NRS yo pou elèv adilt yo toupatou nan peyi a.

Tanpri, presize kòman sibvansyon sa aliyen avèk domèn konsantrasyon distri a (Tanpri, chwazi ki Priyorite/ Ansanm Priyorite distri a ke sibvansyon sa aliyen avèk li epi bay yon brèf deskripsyon ki pa gen plis pase de (2) fraz Seksyon sa dwe ranpli nèt) :

- Priyore ak akselere rannman akademik yo : Sibvansyon sa bay yon dezyèm chans pou elèv ki adilt ki depase laj pou K-12 yo kapab rive dekwoche yon diplòm lekòl segondè.
- Elabore Divès Pratik pou Angajman Familyal ak Kominotè Sibvansyon sa ogmante aksè pou kou lang Anglè ki enpòtan yo pou paran ki gen elèv nan BPS yo.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA - BPS25687

Non Sibvansyon : MassStep (BPS25687)

Objektif : Fòm 20 manm adilt nan kominote a pou yo kapab travay nan domèn otelri a ansanm ak 30 manm nan kominote a pou prepare yo pou egzamen ParaPro a ansanm ak yon karyè nan edikasyon.

Dat sibvansyon an kòmanse : 1ye jiyè 2024

Dat sibvansyon an fini : 30 jen 2025

Estat : Kontinyite

Tip Sibvansyon : Konpetitif

Direktè Sibvansyon : Kristen D'Avolio, Direktris Prensipal, Depatman Edikasyon pou Adilt

Imèl : kdavolio@bostonpublicschools.org

Telefòn : 617-635-9300

Sous Finansman: DESE -359 MassStep

Kontak Moun/Enstitisyon K Ap Bay Sibvansyon an : Derek Kalchbrenner

Moun/Enstitisyon K Ap Bay Sibvansyon an : 781-338-3812

Imèl Moun/Enstitisyon K Ap Bay Sibvansyon an : Derek.Kalchbrenner@mass.gov

Montan Anyèl Pri a : 191 344 \$

Montan Total Prim lan (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane) :

Opsyon pou Repò a : Non

Apwoksimasyon sou Kantite Elèv : 50 elèv ((2 kòwòt ki konpoze de 15 moun ak 2 kòwòt ki konpoze de 10 moun))

Sit yo : Depatman Edikasyon/Boston Central Adult High School

Patnè Ekstèn Esansyèl yo : Tech Goes Home, Inisyativ pou Alfabetizasyon Adilt, Masshire

Deskripsyon Sibvansyon : MassSTEP anvizaje yon rezo pakou nan echèl eta k ap prepare aprenan adilt yo pou karyè pwofesyonèl pwometè nan divès antrepriz dinamik Massachusetts. Li pwofite de kolaborasyon ant edikasyon, fòmasyon pwofesyonèl, ak anplwayè yo pou kreye divès opòtinite inovan fòmasyon ak devlopman mendèv pou aprenan adilt yo. Patnè MassSTEP yo ap travay ansanm pou kreye yon sistèm devlopman mendèv ki pi solid ak plis ekkitab pou Commonwealth la. Pwogram sa pral fòme 20 manm adilt nan kominote a pou yo kapab travay nan domèn otelri a ansanm ak 30 manm nan kominote a pou prepare yo pou egzamen ParaPro a ansanm ak yon karyè nan edikasyon.

Rezilta ki swete yo : Rezilta swete sibvansyon sa gen ladan yo : 1) ofri manm kominote yo yon opòtinite pou patisipe nan fòmasyon nan endistri ki kapab pèmèt pou sibveni ak bezwen fanmi an; ak 2) bay elèv adilt yo yon fòmasyon preparasyon nan mache travay la ki pèmèt yo pi byen angaje yo avèk kominote pa yo ak patwon yo.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, epi ki Limite nan Tan (SMART)

.

Objektif #1 : Disi 30 jen 2024, karant kat sou senkant elèv pral fini tout kou a nèt epi y ap rive dekwoche diplòm ki koresponn ak endistri.

Endikatè : Achèvmàn sètifikasyon nan TIPS, ServeSafe ak reyisit nan egzamen sètifikasyon

Jesyon Ospitalite nan American Hotel & Lodging Institute, oubyen egzamen ParaPro.

Objektif #2 : Avan oktòb 2025, 35 nan 50 elèv pral anplwaye nan yon endistri ki lye ak travay.

Endikatè : Lèt afimasyon anplwayè a oubyen fich pèman.

Objektif #3 : Avan 30 jen 2025 35 nan 50 elèv pral demontre yon pwogrè lengwistik.

Endikatè : Nòt nan Tès TABE ke DESE mandate epi pwofesè a te kreye divès evalyasyon.

Tanpri, presize kòman sibvansyon sa aliyen avèk domèn konsantrasyon distri a (Tanpri, chwazi ki Priyorite/ Ansanm Priyorite distri a ke sibvansyon sa aliyen avèk li epi bay yon brèf deskripsyon ki pa gen plis pase de (2) fraz Seksyon sa dwe ranpli nèt) :

- Elabore Divès Pratik pou Angajman Familyal ak Kominotè : Sibvansyon sa ogmante aksè pou kou lang Anglè ki enpòtan yo ansanm ak kou fòmasyon pwofesyonèl yo pou paran ki gen elèv nan BPS yo.